



Pou Piblikasyon Imedya: 12/30/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON \$10 MILYON POU SIPÒTE DEPLWAMAN SÈVIS IJANS NAN NEW YORK

Pwogram sibvansyon nan tout eta ap sipòte operasyon konte yo nan pwen repons sekirite piblik

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon sibvansyon operasyon pwen repons sekirite piblik \$10 milyon te atribye a minisipalite yo nan Eta New York. Finansman an ke Divizyon Sekirite Enteryè Eta ak Sèvis Ijans jere, ap sipòte 57 konte ak Vil New York nan amelyore repons ak deplwaman ijans 9-1-1.

“Nan yon sitiyasyon ijans chak segonn konte,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk investisman sa yo nap ede asire ke premye sekouris nou yo gen resous yo bezwen ansanm avèk aksè a teknoloji dènye kri ki disponib pou pi byen reponn Nouyòkè yo nan moman bezwen yo.”

“Li enpòtan ke tout Nouyòkè yo ka jwenn èd ke yo bezwen an rapidman epi fasilman nan nenpòt kalite sitiyasyon ijans,” **Komisyonè DHSES John P. Melville te deklare.** “Sibvansyon sa yo ap ede konte yo investi nan enfrastrikti komunikasyon ijans epi bay rezidan lokal yo bon jan kalite sèvis ak lapè despri ke èd ap vini rapidman lè yo bezwen l.”

DHSES jere Finansman sibvansyon an atravè Sibvansyon Public Safety Answering Points Operations. PSAP ak etablisman sekirite piblik yo kote yo resevwa apèl pou èd ak pwosesis pou deplwaman sèvis ijans kòmanse. Toupatou nan Eta New York, konte yo bay majorite repons 9-1-1 ak operasyon deplwaman, epi kowòdone sèvis yo pami sekouris minisipal, konte ak eta. Sibvansyon anyèl la pèmèt ranbousman eta a konte yo pou pran apèl sekirite piblik kalifye ak depans pou deplwaman. Tout konte yo ak Vil New York kalifye pou aplike.

Sibvansyon Operasyon Pwen Repons Sekirite Piblik te inisye pa Gouvènè Cuomo nan 2014 ak tout 57 konte yo ansanm avèk Vil New York te chwazi pou patisipe ankò ane sa. Sibvansyon an non sèlman ede operatè konte yo konpanse depans chak jou yo, men li ka ranfòse renovasyon nan sant teknoloji apèl ak deplwaman epi investi nan nouvo sèvis tankou mesaj tèks, done komunikasyon ak lokasyon jeyografik amelyore

pou repons ijans. Finansman an non-konpetitif e li baze sou fòmil. Yo distribye lajan pami konte patisipan yo ki baze sou estatistik reflektif nan nivo operasyon yon konte, faktè demografik ak sèvis apèl metrik ijans. Lè yo patisipe nan pwogram konte yo afime aderans yo a eta ansanm avèk gid nasyonal pou kominikasyon ijans.

Pri Operasyon PSAP 2015-16				
Konte	Kantite Lajan ki te Akòde		Konte	Kantite Lajan ki te Akòde

Enfòmasyon sou DHSES

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans \(DHSES\)](#) ak kat biwo li yo -- Anti-teworis, Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Dife, ak Kominikasyon Entèwoperab ak Ijans – founi lidèchip, kowòdinasyon ak sipò pou efò prevansyon, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, ak rekipere apre zak teworis ak lòt katastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite [Facebook page](#), swiv [@NYSDHSES](#) sou [Twitter](#), oswa vizite [dhSES.ny.gov](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418